	Mukúnda wángu <u>múpenyú</u> .	My daughter is fine. (!alive!)
cf.	mukúnda mupenyú	a living daughter
	Mhuri yávo <u>íhŭrŭ</u> .	Their family is large.
cf.	mhuri yávo húrú	their large family
	Imbá yángu <u>ídíki</u> .	My house is small.
cf.	imbá yángu díki	my small house

When /mupenyú/ has low tone on its prefix, it may serve as (a part of) a noun phrase, which in turn fits into

a sentence that contains a verb. When it has high tone on its prefix, it may itself be the principal word in a complete sentence, without a verb of any kind. A substantive of this latter kind is said to be in its INDEPENDENT form. Any noun or adjective has an 'independent' form.

The dependent forms of nouns and adjectives of Classes 5, 9, 10 have no prefix syllables: /hobó/ (5), /nzungú/ (10), /shúka/ (9), /gúru/ (5), /húru/ (9, 10). In the independent form, these words have a special 'dummy prefix' /i/ which of course has high tone: /íhobó/, /ínzungú/, /íshúka/, /ígǔrǔ/, /íhǔrǔ/. Note that consecutive high tones after the prefix are lowered in the independent form in non-eastern tonal systems.

[For practice with the independent forms of nouns and (strong) adjectives, see Groups 2-8 of the sentences for systematic practice.]

2. The /-ó-/ form of verbs.

The last sentence of the dialogue for this unit contains a new form of the verb:

Ndódǎ kuvamba. I'm about to begin.

Further examples of the use of this /-o-/ form will be met in later units. Tonally, it is like the hodiernal tense except that the first syllable has high tone regardless of the person of the subject prefix. This form is not completely interchangeable with the /-no-/ tense.

1. Adjectives with concords in various classes. Adjectives used without a noun.

	'Did you wash many windows?'	'I washed few.'
mafáitera	Wagéza mafáitera mazhínjí heré?	Ndagéza mashoma.
(ma)ndíró	Wagéza mandíró mazhínjí heré?	Ndagéza mashoma.
nhumbí	Wagéza nhumbí zhínjí heré?	Ndagéza shoma.

mbatyá	Wagéza mbatyá zhínjí heré?	Ndagéza shoma.
masímó	Wagéza masímó mazhínjí heré?	Ndagéza mashoma.
mbatáta	Wagéza mbatáta zhínjí heré?	Ndagéza shoma.
maráranji	Wagéza maráranji mazhínjí heré?	Ndagéza mashoma.
mipanda	Wagéza mipanda mizhínjí heré?	Ndagéza mishoma.

2. Independent form of adjectives with 'dummy prefix'.

	'Is your house small?'	'It is small.'
díki	Imbá yényú índíki heré?	Índíki.
húrú	Imbá yényú íhūrŭ heré?	Íhūrŭ.
chená	Imbá yényú íchená heré?	Íchená.

3.	'This path is short.'	'It's very short.'
pfúpi	Iyi nzira ípfúpi.	Ípfúpi kwázvo.
refú	Iyi nzira írefú.	Írefú kwázvo.
pamhí	Iyi nzira ímhamhí.	Ímhamhí kwázvo.
tete	Iyi nzira ínhēte.	Ínhēte kwázvo.
itsvá	Iyi nzira ítsva.	Ítsva kwázvo.

4. Independent form of adjectives with concordial prefix.

	'This road is short.'	'It's very short.'
pfúpi	Uyu mugwagwa múpfúpi.	Múpfúpi kwázvo.
refú	Uyu mugwagwa múrefú.	Múrefú kwázvo.
mhamhí	Uyu mugwagwa múpamhí.	Múpamhí kwázvo.
nhete	Uyu mugwagwa mútēte.	Mútēte kwázvo.
itsvá	Uyu mugwagwa mútsva.	Mútsva kwázvo.
húru	Uyu mugwagwa múkũrũ.	Múkũrũ kwázvo.

5. Independent vs. dependent forms of /~diki/ in various classes.

	'These ears of corn are small.'	'Where are the small [ones]?'
magwére	Aya magwére mádíki.	Madíki áripí?
mbatáta	Idzi mbatáta índíki.	Ndíki dzíripí?
ráranji	Iri ráranji ídíki.	Díki ríripí?
nzungú	Idzi nzungú índíki.	Ndíki dzíripí?
ndodzí	Idzi ndodzí índíki.	Ndíki dzíripí?
vapwéré	Ava vapwéré vádíki.	Vadíki váripí?
mwaná	Uyu mwaná múdíki.	Mudíki áripí?
munda	Uyu munda múdíki.	Mudíki úripí?
chinánazí	Ichi chinánazí chídíki.	Chídíki chíripí?
zvitóro	Izvi zvitóro zvidíki.	Zvidíki zviripí?
rwizí	Uru rwizí rúdíki.	Rudíki rúripí?

6. Independent forms of nouns.

	'Is this vegetable cabbage?'	'It is cabbage.'
kábichi	Iri símó íkábichi heré?	Íkábichi.
tsúnga	Iri símó ítsúnga heré?	Ítsúnga.
ndodzí	Iri símó índodzí heré?	Índodzí.

7. Independent forms of nouns.

	'Is this your book?'
bhúku	Iri íbhúku rényú heré?
mabhúku	Aya mábhúku ényú heré?
mwaná	Uyu mwána wényú heré?
mudzídza	Uyu múdzídza wényú heré?
mudzídzísi	Uyu múdzídzísi wényú heré?

8. Independent vs. dependent forms of nouns.

	'Is this medicine?'	'This medicine is good.'
mushongá	Uyu múshongá heré?	Uyu mushongá wákánaka.
mahobó	Aya máhobó heré?	Aya mahobó ákánaka.
mandímu	Aya mándímu heré?	Aya mandímu ákánaka.
chigěřö	Ichi chígěřö heré?	Ichi chigěřö chákánaka.
pópo	Iri ípópo heré?	Iri pópo rákánaka.
ndímu	Iri índímu heré?	Iri ndímu rákánaka.

tsúnga	Iri ítsúnga heré?	Iri tsúnga rákánaka.
nzungú	Idzi ínzungú heré?	Idzi nzungú dzákánaka.
mbatáta	Idzi ímbatáta heré?	Idzi mbatáta dzákánaka.

9. Sentences with /-vamba/ plus infinitive.

Mwakávamba ríni kudzídžírá chíShóna?	When did you begin to study Shona?
Mwakávamba ríni kuóná bāsa?	When did you start this job?
Ndichávamba basa paChipirí.	I'll begin work on Tuesday.
Ndakávamba kutaura návo mwedzí wakápěřǎ.	I talked with them for the first time last month.
Vákávamba kusvika pánó musí wêChǐshánǔ.	They arrived here for the first time on Friday.
Wátóvamba kudzídžírá chíShóna.	He has just begun to study Shona.

Practice conversations.

You ask someone whether he is selling his oranges.	Murí kuténgésá heré maráranji ényú?	Handíná êküténgésá.
You ask where you can get some.	Ndingáǎónǎ kúpǐ?	Ndinófũnga Máí Maráta ána mazhínjí.

You ask Mrs. Marata Muná maráranji heré
whether she has
any oranges to êküténgésá?
sell.

Ehúnde. Ndiná
māshoma. Munódâ
manganí?

You want two Madázeni mayirí.
dozen.

Ndinóŷta mashereni
mayirí.

You ask someone Munózívá heré kuti
whether he
knows that Babá Maráta wáka-
Mr. Marata
bought a house. téngá imbá?

Ríni?

(It happened Mwedzí wakápěřă.
last month.)

Íri kúpŷ?

(It's at High- KuHighfields.
fields.)

Íne mípanda minganí?

It has three Mikúru mītatú nēmīdíki
large rooms and
two small ones. miyirí.

Mhuri yávó ínoídá
heré?

You think so. Ndinófūnga kudáro.

Oral Reading Practice.

Ndinoda imba ine mipanda minomwe.

Yake ine mipanda mina chete.

Mupanda mukuru unā mafafitera mangani?

Ndinofunga unā mayiri.

Tinoda mushonga wōkuisa pasi.

Ungautenga kuchitoro.

Unoita marinyi?

Unoita mashereni manomwe.

Free conversation.

Discuss the size and other qualities of specific fruits, vegetables, houses, etc.

UNIT 17

BASIC DIALOGUE

	nhási	today
A	Murí kũendepí nhási?	Where are you going today?
B	Ndirí kũenda kwáMutáre.	I'm going to Umtali.
	muténda (1, 2)	patient
B	Ndinódâ kumboóná vaténda.	I just want to see the patients.
A	Ah! Pahósipitari.	Oh! In the hospital.
A	Ndíaní arípó?	Who is there?
	--ba	(a negative enclitic)
B	Hapánába.	No one [special]. ('there is not')
	-máírá	to visit, e.g. a sick person
B	Chéte kumáírá vaténda.	Just to visit the patients.
A	Zvákánaka.	Fine!
	bandéra (5, 6)	signboard
	-tángá	to do first
	-tsáúká	to turn off
	rudyí	right (hand)
A	Bandéra rókutángá mwótsáúká kũrudyí.	[At] the first sign, turn to the right.

Supplementary vocabulary.

mberí (9)	front, ahead
Endá mberí.	Go straight ahead.
-téndérúka	to turn about
runzeré (11)/munzeré (3)	left (hand)
Téndérúka { kurunzeré. kumunzeré.	Turn to the left.

1. Locative prefixes (Classes 16, 17, 18).

Notice the prefixes that have been underlined in the following sentences:

1. Ndinósándá muPost Office. I work in the Post Office.
2. Ndinógăra muguta. I live in a town.
3. Ndicháénda kuchitóro. I'll go to the store.
4. KuNyakatsápá. At/to Nyakatsapa.
5. Pahósipitari. At the hospital.
6. Vánózogara kwêgôrê. They'll stay for a year.
7. Taúráí mūmasúre mwángu. Repeat after me.

The basic forms of these prefixes are /pa/ (Class 16), /ku/ (Class 17) and /mu/ (Class 18). Because words which contain them so often have to do with location, these three classes may be called the 'locative' classes.

pasí (16) earth, floor, down

patyo (16) near

Ndíani arípó? Who is there?

2. The aspect prefix /-mbo-/

A new aspect prefix is contained in the sentences:

Ndinódâ kumboóná vaténda. I just want to see
the patients.

Mwakámbósvika here kwá- Have you ever been
(¹arrived¹) to
Mútámbara? Mutámbara?

Ndichámboénda. I'll go [now but I'll
probably be back].

The English translation equivalents of /-mbo-/ vary greatly according to context, but all have to do with temporariness, or lack of emphasis or insistence. [For practice, see Groups 9, 10.]

1. Noun of Class 16 as subject.

¹Are there many patients at the hospital?¹ ¹I think there are few.¹

muténda Pahósipitari páná vaténda vazhínjí heré? Ndinófũnga páná vāshoma.

mudzidza Pahósipitari páná vadzídza vazhínjí heré? etc.

munhu Pahósipitari páná vānhu vazhínjí heré?

mushongá Pahósipitari páná mīshongá mizhínjí heré?

mupwéré Pahósipitari páná vapwéré vazhínjí heré?

mukúru	Pahósipitari páná vakúru vazhínjí heré?
muzungú	Pahósipitari páná vāzungú vazhínjí heré?

2. Noun of Class 18 as subject of /~na/. Concord with numerals.

'How many pumpkins are there in the house?' ('In-house has how many pumpkins?') 'There are nine.'

díkítí	Mumbá múná matíkítí mānganí?	Múná māpfumbamwe.
chinánazí	Mumbá múné zvinánazí zvīnganí?	Múné zvīpfumbamwe.
mbatáta	Mumbá múné mbatáta nganí?	Múné pfūmbamwe.
dima	Mumbá múná mādima manganí?	Múná māpfumbamwe.
mupwéré	Mumbá múná vapwéré vānganí?	Múná vāpfumbamwe.
ndímu	Mumbá múná mandímu manganí?	Múná māpfumbamwe.
chinhu	Mumbá múné zvīnhu zvinganí?	Múné zvīpfumbamwe.
munhu	Mumbá múná vānhu vanganí?	Múná vāpfumbamwe.

3. Concords of Class 18.

'In Salisbury there are more people than in Umtali.'

vanhu	MuHaráre mune vanhu vazhínjí kúpinda mwáMutáre.
dzimbá	MuHaráre mune dzimbá zhínjí kúpinda mwáMutáre.
mabandéra	MuHaráre mune mabandéra mazhínjí kúpinda mwáMutáre.
zvitóro	MuHaráre mune zvitóro zvizhínjí kúpinda mwáMutáre.
migwagwa	MuHaráre mune migwagwa mizhínjí kúpinda mwáMutáre.

4. Independent form of an adjective. Relative form of /kuna/.

'Hereabouts, the roads
are few.'

'We will arrive [at a place]
where there are many roads.'

migwagwa	Kúnó migwagwa míshóma.	Tichásvíka kùné mīg wagwa mizhínjí.
dzimbá	Kúnó dzimbá íshóma.	Tichásvíka kùné dzimbá zhínjí.
nzira	Kúnó nzira íshóma.	Tichásvíka kùné nzīra zhínjí.
zvitóro	Kúnó zvitóro zvíshóma.	Tichásvíka kùné zvitóro zvizhínjí.
vanhu	Kúnó vanhu váshóma.	Tichásvíka kùné vān hu vazhínjí.
makomo	Kúnó makomo máshóma.	Tichásvíka kùné mā komo mazhínjí.
ndwizí	Kúnó ndwizí íshóma.	Tichásvíka kùné ndwizí zhínjí.
mití	Kúnó mití míshóma.	Tichásvíka kùné mití mizhínjí.

5. Noun of Class 17 as subject. Negative with /-na/.

'At our [place] there are no sweet potatoes.'

isú	Kwédú hakúná mādima.
manhanga	Kwédú hakúná mānhanga.
ívo	Kwávó hakúná mānhanga.
tsúnga	Kwávó hakúnà tsúnga.
imwí	Kwényú hakúnà tsúnga heré?
ndodzí	Kwényú hakúná ndodzí heré?
isú	Kwédú hakúná ndodzí.

6. Choice between /kù-/ and /kwá-/.

'Have you ever been to Umtali?'

Mutáre	Mwakámbošvika heré kwáMutáre?
Haráre	Mwakámbošvika heré kuHaráre?
Maróndera	Mwakámbošvika heré kuMaróndera?
Chipínga	Mwakámbošvika heré kuChipínga?
hósipitari	Mwakámbošvika heré kuhósipitare?
guta	Mwakámbošvika heré kuguta?
Babá Maráta	Mwakámbošvika heré kwá Babá Maráta?
Rusápi	Mwakámbošvika heré kwáRusápe?
Sakubva	Mwakámbošvika heré kuSakubva?

7. Concords with an ordinal numeral. [Tones should be supplied orally by the student, but should not be written in the book.]

'We reached the second town.'

guta	Takásvíka kuguta rechípirí.
mugwagwa	Takásvíka kumugwagwa wechípiri.
chikóro	Takásvíka kuchikoro chechipiri.
bandéra	Takásvíka kubandera rechipiri.
nzira	Takásvíka kunzira yechipiri.
gomo	Takásvíka kugomo rechipiri.
tsíme	Takásvíka kutsime rechipiri.
rwizí	Takásvíka kurwizi rwechipiri.
mushá	Takásvíka kumusha wechipiri.

8. Ordinal numerals. Left and right.

'At the first sign post you turn right.'

rudyí	Bandéra rĕkŭtángá mwótsăŭkă kurudyí.
pirí	Bandéra rechípirí mwótsăŭkă kurudyí.
runzeré	Bandéra rechípirí mwótsăŭkă kurunzeré.
tatú	Bandéra rechítatú mwótsăŭkă kurunzeré.
rudyí	Bandéra rechítatú mwótsăŭkă kurudyí.
ina	Bandéra rechína mwótsăŭkă kurudyí.
runzeré	Bandéra rechína mwótsăŭkă kurunzeré.
shánŭ	Bandéra rêchĭshánŭ mwótsăŭkă kurunzeré.

Ordinal numerals are formed by adding the prefix -chi- to the stem of the numeral. This form is in turn preceded by a linking prefix.

9. A common use of /-mbo-/. Object prefixes.

'He is looking for his scissors.' 'Have you seen them?'

chigĕrĕ	Árĭ kŭtsvaka chigĕrĕ cháké.	Mwambóchĭóná heré?
mwaná	Árĭ kŭtsvaka mwana wake.	Mwambomuona heré?
babá	Árĭ kŭtsvaka baba wake.	Mwambovaona heré?
bhúku	Árĭ kŭtsvaka bhuku rake.	Mwamboriona heré?
mabhúku	Árĭ kŭtsvaka mabhuku ake.	Mwamboaona heré?
shámwarĭ	Árĭ kŭtsvaka shamwari yake.	Mwamboiona heré?
mudzídzísi	Árĭ kŭtsvaka mudzidzisi wake.	Mwambomuona heré?

vadzídza	Árí kũtsvaka vadzidza vake.	Mwambovaona heré?
zvinhu	Árí kũtsvaka zvinhu zvake.	Mwambozviona heré?
hámá	Árí kũtsvaka hama dzake.	Mwambodziona heré?

10. The aspect prefix /-mbo-/.

'Have you ever been ('arrived') there?'

kusvika	Mwakámbošvikapo heré?
kuváká	Mwakámbováká imbá heré?
kubika	Mwakámbošbika sadza heré?
kudyá	Mwakámbodyá sādza heré?
kuverenga	Mwakámbošverenga iri bhúku heré?
kumwá	Mwakámbošmwá mahéu heré?

Practice conversations.

You ask someone
whether he has
ever been to
Gwelo.

Mwakámbošvika Gwerú heré?

Hóngu. Ndakáénda
naBabá Mutí.

You ask when.

Mwakaénda ríni?

Mwedzí wakápěřă.

You ask whether it KuGwerú kwákánaka heré?
 is nice at Gwelo,

Kwákánaka kwázvo!

and how long they Mwakágárayo ngúvá
 stayed there. ndefú heré?

Takágára kwésvóndo.

Oral reading practice. [Be on the look out for relative verb forms.]

Mwakambosvika kwáRusápe here?

Rusape iguta diki rine chikoro chakanaka kwazvo. Mune zvitoro
 zvishoma. Vanhu vazhinji vanosanda muzvitoro. Vamwe
 vanosanda mumaofisi. Mune ofisi huru yekupetesa. Guta rá-
 Rusape riri mumugwagwa unoenda kwaMutare. Múnobvazve mugwagwa
 unoenda Nyánga.

Free conversation.

Begin a series of conversations with questions of the form
 'Have you ever...?'

UNIT 18

BASIC DIALOGUE [A mother speaks to her children, who are eating. A daughter answers.]

- | | | |
|---|--------------------------------------|---|
| | -fárá | to be glad |
| | zviyó (8) | millet |
| | sadza (5, 6) | food; thick porridge |
| A | Murí kufárá heré nesádza
rêzvĩyô? | Are you enjoying the sadza
[made] of millet? |
| | ~ósé (~ésé) | all |
| B | Tósé tinórída kwázvo. | We all like it very much. |
| B | Máí mwabíka zvakánaka. | Mother, you have cooked well. |
| | -edza | to try |
| B | Ah! Ndirí kudá kũmboedzawó! | Oh, I want to try a little too. |
| A | Ucházóedza mangwáná. | You can ('will') try tomorrow. |
| | mvúrá (9, 10) | rain, water |
| | táfura (9, 10) | table |
| C | Mwáísa mvúrá patáfura heré? | Did you put the water on the
table? |
| D | Hatíná kũisa(bá). | We didn't (put). |
| | -únzá | to bring |
| C | Mary únza mvúrá. | Mary, bring water. |
| D | Ndíaní ungáǎdá? | Who would like it? |

	-gashira	to receive (from someone's hand)
	-gashidza	to cause to receive (from someone's hand)
C	Ndígashídzewó.	Hand [it] to me.
E	Neníwo ndingáǎdá.	And I'd like some too.
	-bvisa	to remove, cause to leave
C	Sara bvisá ndíró patáfura.	Sarah, take the dishes off the table.
E	Ndazvínzwa máí.	Very well, Mother. ('I have heard it.')

Supplementary vocabulary. Articles found in the kitchen.

háí	(9, 10)	cooking pot
mugóti	(3, 4)	stick for stirring porridge
mutsváíro	(3, 4)	broom
chirongó	(7, 8)	earthenware pot
masimbé (marasha)	(6)	charcoal
madota	(6)	ashes
mapfíhwa	(6)	stones for setting a cooking pot on
chigadzo	(7, 8)	hollow for holding a pot up- right
chotó	(7, 8)	fireplace
chikúvá	(7, 8)	ledge/shelf/platform for storing utensils

1. The enclitic /--wo/.

This enclitic has appeared in the following basic sentences:

Ndirí kudá kũboedzaw <u>ó</u> .	I want to try a little too.
Ndígashídzew <u>ó</u> .	Hand it to me.
Není <u>wo</u> ndingáǎdá.	And I also would like some.
...kana wáswerá <u>wo</u>if you spent the day also.
...kana wáráraw <u>ó</u>if you slept also.
Ungázouyá <u>wo</u> heré.	Could you come too?

The tone of /--wo/ is always opposite to the tone of the preceding syllable. That syllable in turn has the same tone it has in the corresponding form without /--wo/ except when the form without /--wo/ ends with two or more consecutive high tones. The last of the above examples illustrates this point:

Ungázouyá.

Ungázouyàwó.

In cases of this kind, the syllable before /--wo/ has low tone, and /--wo/ itself has high tone.

Note that there is no vowel change before /--wo/ as there is before /--nyi/ and /--pi/.

Besides its basic translation 'also, too', /--wo/ sometimes serves as one more way of softening a question or request, thus making it more polite. The second of the above examples is probably an illustration of this point.

[For practice in the use of /--wo/ see Groups 1 and 3 of the sentences for systematic practice.]

2. /na/ with personal pronouns.

The connective /na/ in combination with the personal pronouns produces:

	<u>Singular</u>	<u>Plural</u>
1	není	nesú
2	newé	nemwí
3	náyè or nàyé	návò or nàvó

Notice the difference in vowels as well as in tones between the first/second person forms and the third person forms.

[For practice, see Groups 1 and 2.]

1. /na/ with personal pronouns.

'Father wants to talk with me.'

iní Babá vánodá kùtaura není.

iwé Babá vánodá kùtaura newé.

íye Babá vánodá kùtaura nâyě.

isú Babá vánodá kùtaura nesú.

imwí Babá vánodá kùtaura nemwí.

ívo Babá vánodá kùtaura nâvò.

2. /na/ with personal pronouns. Tones of /--wo/.

'I brought water.'

Ndaúnza mvúrá.

Mwaúnza mvúrá.

'And you also, you brought water.'

Nemwíwo mwaúnza mvúrá.

Neníwo ndaúnza mvúrá.

Wáŭnza mvúra.

Naíyewó wáŭnza mvúra.

Váŭnza mvúra.

Naívowó váŭnza mvúra.

3. Tones with /--wo/. [Do the first four lines, then the last four lines, and then mix all eight lines at random.]

You spoke.

I spoke too.

Mwataúra.

Ndataúrawó.

Mwasvíka.

Ndasvíkawó.

Mwaénda kuchikóro.

Ndaéndawó kūchikóro.

Mwaíta basa.

Ndaítawó bāsa.

Mwasándá.

Ndasándawó.

Mwaúyá.

Ndaúyawó.

Mwaténgá māhobó.

Ndaténgawó māhobó.

Mwapédzá.

Ndapédzawó.

4. Choice of locative prefix. Contrasting translations of the same locative prefix.

táfura Únzá mūpungá patáfura. Bring the rice to the table.

kuisa Isá mūpungá patáfura. Put the rice on the table.

ndíró Isá mūpungá mundíró. Put the rice in the dish.

kubvisa Bvisá mūpungá mundíró. Remove the rice from (in) the dish.

háří	Bvisá mūpungá muháří.	Remove the rice from (in) the pot.
kuisa	Isá mūpungá muháří.	Put the rice into the pot.
chotó	Isá mūpungá pāchotó.	Put the rice on the fire.

5. Various verbs followed by infinitive.

'We began to drink coffee in the morning.'

kuvamba	Takávámba kumwá kófi mangwánaní.
kugadzira	Takávámba kugadzira kófi.
kuedza	Takáédza kugadzira kófi.
kumáírá	Takáédza kumáírá vaténda.
kudá	Takádâ kumáírá vaténda.
kuténdérúka	Takádâ kuténdérúka kurudyí.
kuvamba	Takávámba kuténdérúka kurudyí.
kutaura	Takávámba kutaura navó.
kufára	Takáfără kutaura navó.

6. Sentences containing /~ǫsé/

Munóěnda mwǫsé heré? Tinóěnda tǫsé.	Do you all go? We all go.
Vánoenda vǫsé heré? Vánoenda vǫsé.	Do they all go? They all go.
Vánodyá sadza masíkati ǫsé.	They eat sadza every afternoon.

Vánótaura ngúvá dzǒsé. (or: dzǒsedzǒse)	They talk all the time.
Tinóěnda návo kwǒsé.	We go everywhere with them.
Handínzwi zvǒsé.	I don't understand everything.
Vaná vánotámbá ngúvá dzǒse dzǒse.	Children play all the time.

7. Random changes in the form of the verb.

	Tinórǐdá kwázvo.	We like it (Cl. 5) very much.
kwéte	Hatímborǐdí.	We don't like it at all.
nezúro	Hatíná kũmborǐdá.	We didn't like it.
hóngu	Takárǐdá.	We like it.
ndíaní	Ndíaní akárǐdá?	Who like it?
ngúvá dzǒsé	Ndíaní anórǐdá?	Who likes it?

8. Random changes in the form of the verb.

	Mwáisa mvúrá patáfura heré?	Did you put water on the table?
ndíaní	Ndíaní wáisa mvúrá patáfura?	Who put water on the table (today)?
nezúro	Ndíaní wakáisa mvúrá patáfura?	Who put water on the table (yesterday?)
ngúvá dzǒsé	Ndíaní anóisa mvúrá patáfura ngúvá dzǒsé?	Who always puts water on the table?

ndíní	Ndíní ndinóŷisa mvúrá patáfura ngúvá dzósé.	I am the one who puts water on the table.
kwéte	Handíisí mvúrá patáfura.	I don't put water on the table.
nezúro	Handíná kũisa mvúrá patáfura.	I didn't put water on the table.

9. Random changes in the form of the verb.

	Murí kufará heré nesádza rêzvŷyô?	Are you enjoying the sadza [made] of millet?
ndíaní	Ndíaní arí kufará nesádza rêzvŷyô?	Who is enjoying the sadza [made] of millet?
ndíní	Ndíní ndirí kufará nesádza rêzvŷyô.	It is I who am en- joying the sadza [made] of millet.
nezúro	Ndakáfără nesádza rêzvŷyô.	I enjoyed (before today) the sadza [made] of millet.
nhási	Ndafará nesádza rêzvŷyô.	I enjoyed (today) the sadza [made] of millet.
kwéte	Handíná kufará nesádza rêzvŷyô.	I didn't enjoy the sadza [made] of millet.

10. Random changes in the form of the verb.

	Murí kũbika zvakánaaka.	You are cooking well.
kwéte	Hamurĩ kũbika zvakánaaka.	You are not cooking well.

nezúro	Hamúná k̄úbika zvakánáka.	You didn't cook well.
hóngu	Mwakábíka zvakánáka.	You cooked (before today) well.
ngúvá dzósé	Munóbíka zvakánáka.	You cook well.
kwéte	Hamúbikí zvakánáka.	You don't cook well.

Practice conversations.

You ask Mother what she has cooked.	Máí mwabíkenyí?	Ndabíka mupungá.
You ask what she has cooked to go with it.	Mwabíka murívónyí?	Ndabíka tsúnga.
You ask how she cooks tsunga.	Munóbíka sényí tsúnga?	Ungádâ kuedza heré?
You say yes, and ask whether she can please teach you.	Hóngu, ndingáda. Ungándzídzísawó heré?	Ndingáfără kukudzí-dzísá.
You ask about a suitable time.	Ndingádzídzíră ríni?	Wózoúyá musí weChína.

Oral Reading Practice.

Kwedu tinodya mupunga mushoma.

Tinodya sadza remagwere kupinda mupunga.

Mwose munorida here?

Hongu. Rakanaka kwazvo.

Mwakambodya sadza rezviyo heré?

Kwete kwedu hakuna zviyo zvizhinji.

Hatiridi.

Chinyi chiri muhari?

Isadza rezviyo. Ungaridawo here?

Ehunde. Ndingarida kwazvo.

Free conversation.

Go to a real kitchen and talk about the things that you see there.

UNIT 19

BASIC DIALOGUE

- | | | |
|---|----------------------------|---|
| A | Ndakáríma nzungú. | I have [grown] groundnuts. |
| A | Ndíaní unódzǐdá? | Who wants them? |
| | sakí (5, 6) | sack |
| B | Ndaíngadǎ māsakí māna. | I'd like four sacks. |
| A | Mungáǎónǎ`zvényú. | You may have them. |
| A | Ndingázouyǎ`náwo mangwáná. | I'll bring them tomorrow. |
| | mhunga (9) | millet |
| B | Muné mhūnga heré? | Do you have any millet? |
| A | Ndinófūnga ndingáǎnǎ | I think I can get two. |
| | mavirí. | |
| | -bátánídza | to join together
(transitive verb) |
| B | Mungázobátánídza zvényú. | You can put [them] together
[in one load]. |
| | póndo (9, 10) | pound (money or weight) |
| A | Así nzungú póndo ina | But the nuts [are] four pounds |
| | rímwé. | [sterling] per bag. |
| A | Mhunga póndo nêmbǎfána. | The millet [is] thirty
shillings. |

Supplementary vocabulary.

chipáketi	(7, 8)	Br. 'pocket' (small coarse bag)
upfu	(14)	mealie meal
kóroni	(9)	wheat
nyimo	(10)	Bambara groundnut
pfunde	(5, 6)	sorghum millet
musika	(3, 4)	market

1. The connective /na/ with class pronouns.

In the sentence:

Ndingázouyá náwo mangwáná. I can bring them
tomorrow.

the word /náwo/ represents a combination of the connective /na/ plus a 'class pronoun' /iwó/ (Class 0, referring to /masakí/). Except for Class 3 and 6, these pronouns are spelled like the distal demonstratives (Unit 9, Note 4), but have the tone pattern /`´/. Combinations of these pronouns with /na/ may have either of two tone patterns: /náwo/ (as shown above) or /nawo/.

The class pronouns are:

3 iwó

4 iyó

5 iró

6 iwó

7 ichó

8 izvó

etc

[For practice with these forms, see Group 3 of the sentences for systematic practice.]

2. A sentence type without a verb.

Neither of the two sentences:

Nzungú póno ina rímwé. The nuts [are] four pounds
sterling per bag.

Mhunga póno nêmbǒfána. The millet [is] thirty
shillings.

contains a verb. Nor does either sentence contain the independent form of a substantive (Unit 16, Note 1).

The word /rímwé/ 'one' in the first of these examples has the concordial prefix of Class 5, in agreement with /sákí/.

3. Concordial prefixes with the linking prefix.

The underlined forms in these phrases:

bandéra rôkŭtángá the first signboard

sadza rêzvŷyô sadza [made] of millet

consist of the concordial prefix for Class 5 plus the same linking prefix that was found with the nonconcordial /n-/ in /na-/ (Unit 14, Note 1). These combinations of concordial plus linking prefix obey the same tonal rules, and the same rules for vowel change, as were described in Unit 14.

[For practice with these prefixes, see Groups 1 and 2.]

1. Concordial prefixes with the linking prefix.

· 'I'd like one sack of millet.'

 Ndaíngadá sakí rímwé remhúnga.

pirí Ndaíngadá masakí māyirí emhúnga.

zviyó Ndaíngadá masakí māyirí êzvŷyô.

posí	Ndaíngadá sakí rímwé rêzvîyô.
magwére	Ndaíngadá sakí rímwé rêmăgwére.
pirí	Ndaíngadá masakí māvîrí êmăgwére.
ndodzî	Ndaíngadá masakí māvîrí êndôdzî.
tatú	Ndaíngadá masakí mātátú êndôdzî.
mupungá	Ndaíngadá masakí mātátú ɔmúpungá.
posí	Ndaíngadá sakí rímwé ɔmúpungá.
mbatáta	Ndaíngadá sakí rímwé rêmbătáta.
pirí	Ndaíngadá masakí māvîrí êmbătáta.
shushururu	Ndaíngadá masakí māvîrí eshúshururu.

2. Concordial prefixes with the linking prefix.

'We bought one sack of mealie meal.'

Taténgá sakí rímwé ɔúfu.

pirí Taténgá māsakí māvîrí ɔúfu.

mapfúndé Taténgá māsakí māvîrí âmăpfúndé.

chipáketi Taténgá zvípáketi zivîrí zvâmăpfúndé.

posí Taténgá chipáketi chímwé châmăpfúndé.

maráranji Taténgá chipáketi chímwé châmăráranji.

dázeni Taténgá dázeni rímwé rêmăráranji.

pirí Taténgá madázeni mavîrí âmăráranji.

3. The connective /na/ with pronouns of various classes.

	'We'd like four sacks.'	'I can bring them ('come with them') tomorrow.'
	Taíngadá māsakí māna.	Ndingázouya náwo mangwáná.
nzungú	Taíngadá nzungú.	Ndingázouya nádzo mangwáná.
mhunga	Taíngadá mhunga.	Ndingázouya náyo mangwáná.
zviyó	Taíngadá zviyó.	Ndingázouya názvo mangwáná.
magwére	Taíngadá magwére.	Ndingázouya náwo mangwáná.
murívó	Taíngadá murívó.	Ndingázouya náwo mangwáná.
masímó	Taíngadá masímó.	Ndingázouya náwo mangwáná.
michero	Taíngadá mīchero.	Ndingázouya náyo mangwáná.
ndodzí	Taíngadá ndodzí.	Ndingázouya nádzo mangwáná.

4. Concords in three assorted places in the sentence.

	'That fireplace is large but it is not good.'
chotó	Icho chotó chíkürü así hachíná kúnaka.
dangá	Iro dangá ígürü así haríná kúnaka.
chikúvá	Icho chikúvá chíkürü así hachíná kúnaka.
pfíhwa	Iro pfíhwa ígürü así haríná kúnaka.
zviringó	Izvo zviringó zvikürü así hazvíná kúnaka.
dhíbhi	Iro dhíbhi ígürü así haríná kúnaka.
zvigadzo	Izvo zvigadzo zvikürü así hazvíná kúnaka.
hárí	Iyo hárí íhürü así haíná kúnaka.

5. Statements, with simple questions to be asked and answered about them.

Murwizí múne mvúrá zhínjí.

There's a lot of water in the river.

(Waónenyí mūrwezí?)

(What did you see in the river?)

Mujahá wáénda kuchitóro.

The young man went to the store.

(Mujahá wáénda kúpí?)

(Where did the young man go?)

Chitóro chédú chírí pātyo.

Our store is nearby.

(Chitóro chírí kúre heré?)

(Is the store far off?)

Ndinóěnda kwáMutáre paMugobéra.

I'll go to Umtali on Saturday.

(Ndinóěnda ríni kwáMutáre?)

(When will I go to Umtali?)

Tinógěza nhumbí musí weMúgobéra.

We wash clothes on Saturday.

(Tinógěza ríni nhumbí?)

(When do we wash clothes?)

Vadzídza vényú vánonyórá zvakánáka.

Your students write well.

(Vadzídza vényú vánonyórá zvakádiní?) (How do your students write?)

Mwakámbošvika Kwékwe heré?

Have you ever been to Que Que?

KwáNyádiré kúne hósipitari húrú.

There is a large hospital at Nyadiri.

(Hósipitari húrú íripí?)

(Where is the large hospital?)

Vadzídza vánodzídzírá kũtaura mutauro.	The students will learn to speak the language.
(Vánodzídzenyí?)	(What will they learn?)
Chikóro chédú chíkũrũ.	Our school is large.
(Chikóro chídiki heré?)	(Is the school small?)
Ndaénda kugádheni mangwánaní.	I went to the garden in the morning.
(Ndaénda ríni kugádheni?)	(When did I go to the garden?)
(Ndaénda kúpŷ mangwánaní?)	(Where did I go in the morning?)
Vaná vánodzídzírá chĩngezi.	The children (will) study English.
(Vánodzídzírá mũtauronyí?)	(What language will/do they study?)
Mugwagwa wédú úrí chĩnhambwe.	Our road is a short distance away.
(Mugwagwa úrí kũre heré?)	(Is our road far away?)
Tadyá mánhanga masíkatí.	We ate pumpkins this afternoon.
(Tadyényi masíkatí?)	(What did we eat in the afternoon?)

Practice conversations.

You ask what Father Babá várí kũitenyí
is doing this morn-
ing. mangwánaní áno?

Váénda kujangano.

You ask whose home
the work party
is at today.

Rírí kwáaní nhási?

KwáváChemusango.

You ask what time
they begin,

Vánóvamba ngúvanyí?

Masíkatí áno.

and when they
finish.

Vánopédza ríni?

Ndinófũnga manherú.

[In this conversation, the student must supply most of the tones.]

You ask someone
whether there
is a large mar-
ket at Marandel-
las.

KuMarondera kunq
musika mùkuru
here?

Mùkuru zvishoma.

You ask whether
he goes there
very much.

Munonyanya kuendayo
here?

Hatinyanyi(bà).

You ask what
they chiefly
sell there.

Vanonyanya kutengesenyi?

Vanotengesa mirivo
nemichero.

You ask where
Mr. Mukarati
is.

Baba Mukarati
varipi?

Ah! Waenda kumusika
nemagwere.

You ask what time
he went.

Waenda nguvanyī?

Waenda mambakwedza.

You say that you
(pl.) wanted to
buy something--

Taida kutenga.

Mwaida kutengenyi?

that you wanted to
buy murivo,

Taida kutenga
murivo.

Mwaida mhandonyi
yemurivo?

specifically, cab-
bages.

Taida makabichi.

Oral Reading Practice.

Vanhu vedu vakarima nzungu zhinji nenyimo. Vachada kuenda kumusika kundodzitengesa. Vachaenda namasaki matatu enzungu namasaki mana enyimo. KuHarare kunq musika mukuru kwazvo. Ndinofunga vachaendayo kundotengesa zvinhu zvavo.

Vanhu vedu vakarimenyi?

Vakarima nzungu shoma here?

Vachaenda kupi?

Vanozoitenyi kumusika?

Musika mukuru uri kupi?

Musika wekuHarare mukuru here?

Vachaitenyi kumusika?

Sakí renzungu rinoita marinyi?

Free conversation.

Discuss a forthcoming trip to town, with special attention to what you may do and what you may buy while you are there.

UNIT 20

BASIC DIALOGUE

	doví (5)	peanut butter
	chingwa (7, 8)	bread
A	Isá doví pāchingwa.	Put peanut butter on the bread.
	-dísa	to like very much
B	Ah! Zvínónaka. Ndinózvídísà kwázvo!	It is delicious. I like it very much!
C	Iní ndinórǐdâǒ pachingwa.	I like it on bread too.
D	Neníwo ndichámboédzawó.	And I'll try a little too.
A	Zvákánaka ungámboédzawó.	All right, you may try [some] too.
	mbúya (1a, 2a)	grandmother
E	Mbúya vábíka murívó wakánáka.	Grandmother has cooked good murivo.
F	Vábíka makábichi heré?	Did she cook cabbage?
E	Hóngu.	Yes.
F	Vácháisa doví heré?	Will she put [in] peanut butter?
	pámwé (/pa/ (Cl.16) plus /~mwé/)	together ('one place')
	muto (3, 4)	gravy, soup
E	Vácháisa pámwé nqmúto.	She will combine [it] with the soup.

F	Ah! Muto wêdǒvî kunaka.	Ah! Peanut butter soup is good.
E	Unódâ murívónyî Sara?	What kind of murivo do you like, Sarah?
	nyama (9)	meat
F	Ndinónyánya kudá nyāma.	I like meat best.
	-tórá	to take (from)
E	Ungátórǎ zvakó muhárí.	You may take [some] [from] (in) the pot.

Supplementary vocabulary. Cooking processes.

kubvúrá	}	to broil
kugocha		
kuvidza/kuvirisa		to boil
kukángá		to fry
kupísá		to heat, burn
kusásíká		to roast

1. The pro-verb /-díni/.

This verb was first met and discussed briefly in Unit 4. Further examples of its use are found in Group 4. Three points should be noted.

(1) The difference between indicative and relative tonal patterns:

Chákàdíni?	What is it like?
...chàkádìní?	like what?

The tones of these forms alternate between high and low, beginning in the relative with low, and with high in (third person) indicative.

(2) The English translations of this verb vary widely according to context. [See the examples in Group 4.]

(3) With the concord of Class 8 (zvacadini), this verb may be used without an antecedent, being comparable in this respect to /zvakanaka/, /zvizhinji/, etc.

2. Another sentence without a finite verb.

In the sentence:

Muto wêdŏvî kunaka! Peanut butter soup [is]
good.

there is no verb that has a subject prefix. There is only the infinitive form of the verb that means 'to become good.'

Group 1. [The purpose of Groups 1-3 is to help the student fix in his mind the meaning of the various verbs that have to do with cooking processes.] Answer, according to the usual cooking practices of Mashonaland, with an affirmative or a negative verb:

mvúrá:

kuvídza Tinóvídza mvúrá.

kugocha Hatígochí mvúrá.

kukángá Hatíkángi mvúrá.

kusásíká Hatísásíki mvúrá.

Group 2.

mupungá:

kubika Tinóbíka mupungá.

kuvídza Hatívidzí mūpungá.

kugocha Hatígochí mupungá.

kusásíká Hatísásíkí mupungá.

Group 3. [Tone marks omitted from verbs].

mahobó:

kukángá Tinokanga mahobó.

kugocha Hatigochi mahobó.

kuvidza Hatividzi mahobó.

kusasika Hatisasiki mahobó.

[Continue this kind of practice, using the names of other kinds of food.]

4. Two-line conversations using /-díni/. [Note that some of the forms of /-díni/ are indicative and some are relative.

Munógăara zvakádiní?

Tinógăara zvakánáka kwázvo.

Muné gádheni rakádiní?

What kind of garden do you have?

Tiné díki.

We have a small [one].

Munóŷdá zvakádiní?

How do you like it (Cl. 4 or 9) ?

Tinóŷdá zvakányánya kwázvo.

We like it very much!

Chitóro chényú chákadíni?	What is your store like?
Chitóro chédú chíkŭrŭ.	Our store is large.
Muné imbá yakadíni?	What sort of house do you have?
Tiné húrú kwázvo.	We have a very large [one].
Mipanda yákadíni?	What are the rooms like?
Míkŭrŭ kwázvo.	They are very large.
Chikóro chényú chákadíni?	How is your school?
Chákánaka.	It's good.

5. Questions and answers. [The student should supply the answers. For further practice, write in the right hand column the English equivalents. Then use the English sentences as cues, giving the Shona sentences as responses.]

Baba vanosanda kwáMrewa.

Baba vánosanda kupi?

Ndiani ànosanda kwáMrewa?

Vanovadza huni.

Vanoweza here?

Vanoita basanyi?

Vakauya nesaki r̄ufu Mugobera.

Vakauya n̄ufu here?

Vakauya nen̄yi?

T̄inoverenga mabuku manheru.

T̄inoverenga masakati here?

Tinoiten̄yi manheru?

Vakomana vanotema huni.

Ndivanaani v̄anotema huni?

Vanotemen̄yi?

Ndakasvika pano musi weCh̄ina.

Ndakasvika paCh̄ina here?

Ndakasvika rini?

Ndichagara kw̄esyondo r̄ose.

Ndichagara kw̄mwedzi here?

Ndichagara kw̄ngũv̄ã ȳakadini?

Ndiri kutengesa mapopo. Rimwe rinoita shereni.

Mapópo matanhatu anoita marin̄yi?

Tsime redu rákanaka kwazvo.

Tine tsime rákadini?

Tsime redu iguru here?

[The instructor should make up still more statements and questions of this type, being careful to use no words that the students have not already met.]

Practice conversations.

You see a person Munotengesepi?
 with a load of
 groundnuts and
 ask where he
 does his sel-
 ling.

Tinotengesesa ku-
 musika Harare.

You ask whether he MwáMutare hamutengesesi
 doesn't sell at
 Umtali. here?

Muno havanyanyi
 kutengesesa.

You ask the price Zvino nzungú dzinoitenyi
 of groundnuts
 by the sack. pasaki?

Dziri kuita pondo
 ina.

The student should practice the following dialogue until he is able to give the complete sentences by reference to the cue words in the left hand column. He should also mark the tones used by his instructor.

nyama Mai vatenga nyama here?

kuténgá Havana kutenga.

makábichi Vatenga makabichi.

nenyi Zvino tinodya nenyi?

Now what will we eat with
 the sadza? ('Now we will
 eat [sadza] with what?')

tsúnga	Tinodya netsunga.	
ndaída	Ini ndaída nyama nhasi.	
Chipirí	Tichatenga paChipiri.	
vanángu	Mungadenyizve vanangu?	What else would you like, my children?
michero	Tingada nemichero.	
musika	Ndichandotenga kumusika.	

Oral Reading Practice.

Vanhu vari kutauro mitauro mizhinji.

Vari kudzidza mitauroṅyi?

Vamwe vari kudzidza Chirungu.

Asi varungu vari kudzidza chiShona.

Tina vanhu vanosanda mumaofisi.

Guta remuHarare rinodzidzisa mabasa.

Mhuri zhinji dzine dzimba dzakanaka.

Zvitoro zvacho zvine nhumbi zhinji.

Vanhu vṅse vanotenga mumusika.

Varimisi vṅse vanodzidza patyo neGuta.

Free conversation.

Ask questions like Munókangá nzungú heré? in order to increase your knowledge of the method of preparing /nzungú/, /tsúnga/, /tséngá/, /chingwa/, etc.

UNIT 21

BASIC DIALOGUE

- | | | |
|---|--|--|
| A | Mangwánaní murimisi! | Good morning! (addressing the other person by his occupation) |
| B | Mangwánaní babá.
ngényi
-bátsírá | Good morning.
with what?
to help |
| A | Ndingámŭbátsírá ngényi?
shúka (9) | How ('by what' can I help you?)
sugar |
| B | Ndingáŏnawó heré shúka?
--ko | May I have some sugar?
[an optional interrogative enclitic] |
| A | Munódâ yêmărînyíko? | How much do you want? |
| B | Ndaíngadá zvánɡu yámáshereni
matánhatú. | I'd like six shillings worth |
| A | Zvákánaka zvánɡvo. | Fine. |
| A | Ndingámŭgádzirirá zvánɡu. | I'll get it ready for you. |

Supplementary vocabulary.

Four verbs that are commonly followed by infinitives.

-regera to cease

Règérá kudýá. Stop eating.

Ndambóřęgera basa.	I've (temporarily) stopped work.
-fánirá	to be proper, suitable (in /-ka-/ tense: 'must')
Ndakáfǎńřř kuenda.	I must go.
-natsa	to do well
Árí kŭnatsa kutaura!	She is speaking very well!
-ramba	(with infinitive) to refuse
Árí kŭramba kudyá sādza.	She refuses to eat food.

Supplementary vocabulary. Activities, and articles closely associated with them.

Tinóbĭka n(g)émugóti.	We cook with a stick.
démó (5) matémó (6)	axe
Tinótémá mití n(g)éděmō.	We cut trees with an axe.
-tsváírá	to sweep
Tinótsváírá n(g)ěmŭtsváíro.	We sweep with a broom.
-sona	to sew
tsono (9,10)	needle
Tinósōna n(g)etsóno.	We sew with a needle.
Tinógěza n(g)ésípo.	We wash with soap.

-chérá	to fetch/draw water
Tinóchérá ngechírongó.	We fetch [water] with a pot.
-cheka	to cut (not with axe)
bángá (5) mapángá (6)	large knife
Tinóchéka zviyó ngebǎngǎ.	We cut millet with a knife.

1. The applicative stem extension.

Compare the verbs in these sentences:

Ndagádzira shúka.	I got the sugar ready.
Ndakúgádzirira shúka.	I got the sugar ready for you.
Tinódà húní.	We need firewood.
Áchavádzà húní.	He will split firewood.
Áchatívádzírà húní.	He will split firewood for us.
Áchaúnzà húní.	He will bring firewood.
Áchatíúnzírà húní.	He will bring firewood for us.
Áchatémà húní mūgomo.	He will cut firewood on the mountain.
Áchatítémérà húní mūgomo.	He will cut firewood for us on the mountain.
Áchàtórà húní mūgomo.	He will get firewood on the mountain.
Áchatítórérà húní mūgomo.	He will get firewood for us on the mountain.

Certain of the verb stems in these sentences contain a suffix -- or 'stem extension' -- which is either /-er-/ or /-ir-/. If the vowel of the preceding syllable is /a, i, u/, the extension is /-ir-/. Otherwise (i.e. if the vowel of the preceding syllable is /e, o/), it has the form /-er-/.

This suffix will be called the 'applicative extension.' It is used in a number of different ways. The most common is illustrated in the above examples, where the applicative extension is associated with the idea of doing something for someone, or with reference to someone. When it is used in this way, the verb usually has two objects, one of which may be an object prefix.

The foregoing does not account for all uses of the applicative extension, however. Notice for example the difference between

kufúndá	}	chiShóna	to learn Shona
kudzídzá			

and

kufúndírá	}	chiShóna	to study Shona
kudzídzírá			

Unit 11 provides an example of a still different use of the applicative extension, with no object of any kind:

Hapáná inógúrírá heré? Isn't there a shorter one?

The simple verb stem is /-gura/, for which Hannan gives the meanings 'to cut off or across (e.g. path, country, path of sun).'

Some verbs contain a syllable that looks like the applicative extension, and which was probably just that at an earlier stage in the history of Shona. Such a verb is /-fanira/. It is difficult however to relate the meanings of this verb to the present-day meanings of the verb /-fáná/. [For practice with verbs that contain the applicative extension, see Group 1 of the materials for systematic practice.]

2. The prefix /nge-/

The word /nḡenyi/ contains the prefix /nge-/. In westerly dialects, the prefix has the form /nde-/, and its vowel is governed by the same principles as the vowel of /na-/ (Unit 14, Note 1). The tones of forms that contain this prefix are also like those of the corresponding forms with /na-/.

The translation of /nge-/ is variously 'about' (i.e. concerning), 'by (means of)', or 'with'. [For practice with words that contain this prefix, see Groups 3 and 4.]

1. Simple vs. applicative stems of some verbs.

Ánodá nyama.

He wants meat.

Ndichágócha nyama.

I'll roast meat.

Ndichámúgóchera nyama.

I'll roast him some meat.

Ánodá doví.

He wants peanut butter.

Ndichágádzira doví.

I'll make some peanut butter.

Ndichámúgádzirira doví.

I'll make peanut butter for him.

Vánodá pārafíni.

They want paraffin.

Tichátěngă parafíni.

We'll buy some paraffin.

Tichávăténgérá parafíni.

We'll buy some paraffin for them.

Havágoní kusándá.	They can't work.
Tichásǎndǎ.	We'll work.
Tichávǎsándírǎ.	We'll work for them.
Haúgoní kūenda kuguta.	You can't go to town.
Ácháenda kuguta.	He'll go to town.
Áchakúéndera kuguta.	He'll go to town for you.
Munódâ imbá.	You want a house.
Váchaváká imbá.	They'll build a house.
Váchamúvákírǎ imbá.	They'll build you a house.

2. Object prefixes. Places from which various things are usually taken.

	'Where did you get the firewood?'	'I got it on the mountain.'
húní	Watórepí húní?	Ndadzítórá mūgomo.
murívó	Watórepí murívó?	Ndaútórá kugádheni.
magwére	Watórepí magwére?	Ndaátórá kūmunda.
mbatyá	Watórepí mbatyá?	Ndabvá nádzo kuchitóro.
sadza	Watórepí sādza?	Ndarítórá muhárí.
↳	chigěrǒ, zingwa, pópo, ufu, mushongá, etc.	

[The symbol ↷ means that the horizontal row of words (here /chigěřǎ, zingwa/ etc.) are to be used as cues parallel to the words in the vertical column (here /húní... sadza/), and the corresponding sentences are to be supplied by the student.]

3. The prefix /nde/ with demonstratives. Agreement of demonstratives with nouns.

'We're glad on account of this meat.'

nyama	Tafárá ngeíyi nyama.
murívó	Tafárá ngeúyu murívó.
pópo	Tafárá ngeíri pópo.
mushá	Tafárá ngeúyu mushá.
mazwí	Tafárá ngeaya mazwí.
mvúrá	Tafárá ngeíyi mvúrá.
sadza	Tafárá ngeíri sadza.
tsíme	Tafárá ngeíri tsíme.

4. Nouns and infinitives connected by /~q-/.

'What do you cut trees with?'

'We cut [them] with an axe.'

'I want an axe for cutting trees.'

'We want axes for cutting trees.'

kutémá	Munótémà ngepyi mití?
	Tinótémà ngéděmǎ.
	Ndinódà démó rǎkutémá mití.
	Tinódâ matémó ǎkutémá mití.

kutsváírǎ Munótsváírǎ ngényǐ pasí?
 Tinótsváírǎ ngêműtsváíro.
 Ndinódâ mutsváíro wôkűtsváírǎ pasí.
 Tinódâ mitsváíro yôkűtsváírǎ pasí.

kusona Munósõna ngényǐ mbatyǎ?
 Tinósõna ngetsóno.
 Ndinódâ tsono yôkúsona mbatyǎ.
 Tinódâ tsono dzôkúsona mbatyǎ.

Treat the following sentences in the same way:

kuchérǎ Munóchéra ngényǐ mvúrá?
 Munógěza ngényǐ mbatyǎ?
 Munóchěka ngényǐ murívó?

Practice conversations.

You ask someone Kwenyu munoisa dovi
 whether among pamwe nemuto here?
 his people they
 combine peanut
 butter with
 gravy.

Hatinyanyi kudaro.

You ask what Munodisa muto
 kind of gravy wàkadini?
 they like best.

Tinonyanya kudya
 muto wenyama
 ne(we) masimo.

You ask a person
where his son
has gone,

Mukorore wenyu waenda
kupi?

Waenda kujana
mangwanani.

and when he will
be back.

Anouya rini?

Manheru.

You ask a person
whether he knows
how to drive,

Unoziva kuchaira
here?

Handinatsi
kuziva(ba).

and whether he
has ever taken
driving lessons.

Wakambodzidzira here
kuchaira?

Ndakambodzidzira
zvangu zvishoma.

You say that you
have to go up
on the mountain.

Ndakafanira kuenda
mugomo.

Kundoitepyi?

You say you are
going there to
cut firewood,
that you (pl.)
are out of it.

Kundotema huni.
Huni dzatiperera.

Ndingandokubatsiraiwo.

Oral reading practice.

Ndiani waenda kundotambira mufundisi?

Baba Marata waenda.

Ndakatenga mbatya itsva.

Wakatenga kupi?

Ndakatenga kuMarondera.

Unoda dovi pachingwa here?

Vana vanodisa dovi here?

Kwenyu vanoisa dovi pamwe nemuto here?

Kwenyu vanoisa dovi pamwe nemakabichi here?

Mwakamboedza muto wedovi here?

Mbuya venyu vanobika zvakanaka here?

Nyama imhando yemurivo here?

Muto imhando yemurivo here?

Mugwagwa mupamhi unoenda kupi?

Unoenda kuNyanga.

Munotsauka papi kuenda Bòndà?

Pabandéra rechípirí.

Baba vaenda kuhosipitari.

Vanenyi?

Vanq ruvoko.

Uchaenda ngépi kwáMutáre?

NgekuPéniranga.

Ah! Hamúzíví heré mugwagwa mutsva?

Mutsvá múpfúpi kupinda wekáre.

Ndaiziva zvangu, asi ndaida kuona shamwari ìri Péniranga.

Mugwagwa mutsva unosvika ngekuPeniranga here?

Mugwagwa mutsvá múrefu here kupinda wekare?

Mugwagwa wekare múpamhi here kupinda mutsva?

Baba Moyo vaiziva here kuti kune nzira pfupi?

Shamwari yake iri kupi?

Free conversation.

1. Mention several things that you are glad of.
2. Re-enact the basic dialogue, but with different commodities and buying different amounts, expressed in terms of money.

UNIT 22

BASIC DIALOGUE

- | | | |
|---|---|---|
| A | Munógăra muNéw York heré?
dúnhú (5), matúnhú (6) | Do you live in New York?
district |
| B | Kwéte, ndinóbvâ murimwe
dúnhú.
-dyá | No, I come from another
state.
to eat |
| A | Munódyawó sādza rédú
heré?
-síyáná
-bvira | Do you eat our [kind of]
food too?
to part from one
another, to
differ
[?] |
| B | Kwéte zvakávira kusíyáná. | No, it is quite different. |
| A | Ndíaní unómŭbátsírá bāsa
rényú?
~ógá (~ega) | Who helps you [to do] your
work?
alone |
| B | Ah! Tinózvĭbâtíra tógá.
ko
sesú | Oh, we do it for ourselves.
[an interrogative
word]
like us |
| A | Ko, munórĭmawó heré
sesú? | Tell me, do you farm the
way we do? |

	muchéni (3,4)	machine
B	Zvákáti síyané, tinónyanya michéni.	It's a little different, we we [use] more machines.
	~temá	black
A	Kúnḡ vānhu vatemáwo heré?	Are there also black people?
	chaízvo	[an intensifier]
B	Vári kúnó chaízvo.	There are a lot. (They are there very much.)

Supplementary vocabulary.

People: white, black, coloured, etc.

Some ethnic groupings.

muZezúru (1,2)

muKárángá (1,2)

muManyíka (1,2)

muKorekore (1,6)

muNdaú (1,2)

muBochá (1,2)

muGárwé (1,2)

muRozví (1,2)

muChángana (1,6)

Some racial categories:

murungu (1,2)	European
bhunú (5,6)	Boer
bwacha (5,6)	Indian
~chená	white
~temá	black

Two general terms:

rudzí (11)	tribe
pl. ndudzí (10)	
muitiro (3,4)	custom

Two verbs:

kusíyáná	to leave one another, to differ
kufánáná	to be like one another

1. Reflexive verb forms.

Notice the underlined syllables in the following sentences:

Tinózvíîtîra basa.

We do the work for ourselves.

Tinózvíbâtírâ basa.

The underlined syllable is a reflexive prefix. It occurs in the same position in the word where the object prefixes are found, and no verb form contains at the same time the reflexive prefix and one of the other object prefixes.

The term 'reflexive' means that the object of the verb is the same as the subject. English examples are 'I hurt myself', 'They outdid themselves.'

In its spelling, the reflexive /-zvi-/ is identical with the object concord for Class 8. (In some dialects, the reflexive is /-dzi-/, identical in its spelling with the object prefix for Class 10.) The only difference between a verb form with a Class 8 (or 10) object prefix and one with a reflexive prefix is in the tonal pattern. There is a large amount of dialect variation in this respect, so that the student should make his own observations on this point. As he does so, he should be careful to get at least one example of a reflexive form for each cell in the following table:

	High verbs	Low verbs
Monosyllabic (e.g. -dá)		
Disyllabic (e.g. -óná)		
Trisyllabic (e.g. -bátsírá)		
Quadrisyllabic (e.g. -gadzirira)		

[For practice, see Groups 3 and 4.]

2. The nonconcordial prefix /s-/.

The sentences:

Munóřĩmawó heré <u>sesú</u> ?	Do you also plow as we do?
Ánófunga <u>sômwănâ</u> .	He thinks like a child.
Ánófunga <u>saMáí</u> .	She thinks like Mother.

contain the nonconcordial prefix /s-/. This prefix always occurs joined to the linking prefix. Tonally, it is exactly like the nonconcordial prefix /n-/. In particular, this means that with nouns of Class 1a, regardless of their tonal patterns, the prefix syllable /sa-/ has low tone. [For practice, see Group 1.]

1. The prefix /sa-/.

!He thinks like a child.!

mwaná	Ánófunga sômwănâ.
mukúru	Ánófunga sômũkúru.
babá	Ánófunga sababá.
máí	Ánófunga samáí.
muténda	Ánófunga sômũténda.
murungu	Ánófunga sômúrungu.
mutemá	Ánófunga sômútemá.
munhu	Ánófunga sômúnhu. (!talk sense!)

2. Questions about similarity and difference.

miitiro Miiro yaváZezúru yákasíyáná heré néyaváManyíka? Are the customs of
the Zezuru different
from those of the Manyika?

Yákadá kufánáná.

sadza Sadza remáBwacha rákafánáná heré nérevárungu? Is the food of the Indians
like that of the Euro-
peans?

Haríná kufánáná. Rákasíyána kwázvo.

mutauro Mutauro wâmăChángana wákafánáná heré nêchĩShóna? Is the language of the
Shangaans like Shona?

Wákafánáná zvĩshoma.

219

chirungu Chirungu nechíBhunú zvakafánáná heré? Are English and Afrikaans
similar to one another?

Zvakadá kufánáná.

guta Guta rêHăráre rákafánáná heré negúta reBhúruwayo? Is Salisbury like Bulawayo?

Haríná kufánáná.

matúnhú Matúnhú ényú ákafánáná heré néedú? Are your states/districts
similar to ours?

Haáná kufánáná.

[The students should ask and answer questions of these kinds, using the words
makomo, mití, ndwizí, zvikóro, dzimbá, mbatyá, etc.]

3. Reflexive forms with all persons and numbers.

	'I bought (my) soap.'	'I bought myself some soap.'
iní	Ndaténgà sípo yángu.	Ndazvítèngéra sípo.
íye	Ẁáténgà sípo yáké.	Ẁázvítèngéra sípo.
isú	Taténgà sípo yédu.	Tazvítèngéra sípo.
ívo	Vaténgà sípo yávó.	Vázvítèngéra sípo.
iwé	Waténgà sípo yákó heré?	Wazvítèngéra sípo heré?
imwí	Mẁaténgà sípo yényú heré?	Mẁazvítèngéra sípo heré?
iní	Ndabíka sadza rángu.	Ndazvíbikíra sadza.
íye	Ẁábíka sadza ráké.	Ẁázvíbikíra sadza.
	↳ isú, ívo, imwí, iwé, babá, majahá, vasíkaná, etc.	

4. Reflexive verb forms vs. verb forms with other object prefixes.

